

Limit Revni Maksimòm ak Finansman Maksimòm Otorize

GWOSÈ FANMI	<=50% TRÈ FÈB	50.01% - 80% FÈB	80.01% - 100% MEDYAN	100.01% - 120% MODERE	120.01% - 140% MODERE/ MWAYEN
1	34,150	54,600	68,300	81,960	95,620
2	39,000	62,400	78,000	93,600	109,200
3	43,900	70,200	87,800	105,360	122,920
4	48,750	78,000	97,500	117,000	136,500
5	52,650	84,250	105,300	126,360	147,420
6	56,550	90,500	113,100	135,720	158,340
7	60,450	96,750	120,900	145,080	169,260
8	64,350	103,000	128,700	154,440	180,180

➤ *Limit Revni yo retwoaktif apati 18 avril 2022. Yo kapab chanje detanzantan atravè revizyon HUD Etazini. (dat revizyon HUD ak FHFC 4/18/2022 ak 4/18/2022 respektivman)*

** Pou acha FHA, tanpri konsilte direktiv aktyèl FHA yo pou limit revni ki aplikab.

- Pri Maksimòm Acha kounye a se \$318,000.00 selon òdonans 2021 Konte a. Montan sa a ka chanje peryodikman san avètisman davans.**
- Maksimòm CLTV (Prè-a-Valè- Konbine) se 105%. * San limit LTV.**

Asistans Otorize (an vigè 1ye mas 2021)

Pou Fanmi nan Kay ki gen revni medyan brit ajiste nan Konte Miami-Dade a 80% oswa pi ba (gade tablo ki anwo a): Asistans maksimòm lan se \$12,250.00 SEPANDAN, Prè-a-Valè-Konbine (CLTV) PA ka depase 105.00%

* REMAK: CLTV a baze sou pri acha ki pi ba a pa rapò a valè evalyasyon an.

Fanmi ki pi wo pase 80% revni medyan brit ajiste (AMI) pou Konte Miami-Dade (al gade Tablo Limit Revni ak Finansman yo ka bay yo): Asistans maksimòm lan **se pi ba** 4.00% pri acha pwopriyete a oswa \$4,750.00.

Yo bay asistans lan dapre disponiblite fon yo selon nesosite avèk limit ki kapab chanje. Fon HAP yo gen ladan yon peman \$250. konsèy pou moun ki ap achte kay. Yo debouse fon HAP yo bay ajan ki la pou fè siyen dènye papye pou achte kay yo. Yo kapab itilize fon yo sèlman pou asistans pou peye premye vèsman ak/oswa pou dènye papye lè w ap achte yon kay. **PRETÈ A KA PA RESEVWA LAJAN RANBOUSMAN NAN MOMAN YO AP SIYEN DÈNYE PAPYE YO NAN NENPÒT SIKONSTANS.**

Egzijans Fon Pretè yo

Achtè ki gen revni fanmi lakay yo pa depase 100% revni medyan aktyèl Konte Miami-Dade -- ajiste pou gwosè fanmi an (Revni medyan ajiste oswa AMI) -- dwe investi yon minimòm de 1% pri acha a nan pwòp fon pa yo nan tranzaksyon sa a. Achtè ki gen revni lakay yo apati 100.01%, men ki pa depase 140% AMI, dwe investi yon minimòm 3% nan pri acha a nan pwòp fon yo nan tranzaksyon sa a. Achtè ki gen revni brit ajiste ki depase 140% AMI pa elijib pou finansman HAP.

Pwopriyete ak Elijibilite pou Finansman

Pwopriyete ki elijib yo gen ladan yo mezon inifamilyal, mezon an ranje ak kondominyòm SÈLMAN. Pwopriyete a kapab yon kay ki deja egziste oswa yon kay nèf epi li dwe lokalize nan Konte Miami-Dade. Pa gen okenn prè FHA 203(k) ki elijib nan pwogram sa a pou kounye a. Yo fè konsiderasyon ka pa ka pou kay labank, REO, ak FHA sezi. Pwopriyete a dwe nan kondisyon pou moun abite ladan imedyatman. Moun ki ap prete yo dwe aplike epi resevwa yon to fiks finansman konvansyonèl, VA oswa FHA 203(b)/234 atravè yon ofisye prè/orijinatè HAP apwouve ak yon kreditè ipotèk. Yo pa pèmèt ipotèk vandè ak sipozisyon prè. Lojman manifaktire DWE gen apwobasyon davans.

